АБИТУРИЕНТ — 2025

# БИЛИМЛИ ЖАСЛАР — МӘМЛЕКЕТ КЕЛЕШЕГИ

**Қайсы мәмлекетти алып қарасақ та, илими, билими раўажланған мәмлекетлердиң экономикасы алға илгерилегенлиги тарийхтан белгили. Сол ушын, мәмлекетимизде илимге ҳәм билимлендириўге үлкен итибар берилип, раўажланған мәмлекетлердиң тәжирийбеси тийкарында реформалар алып барылып атыр. Усыған тийкарланып билимниң сапасын көтериў мақсетинде мәмлекетимизде ҳәр жылы жаз мәўсиминде жоқары оқыў орынларына қабыллаўда өзгерислер киргизилип атыр. Быйылғы жылы жоқары оқыў орынларына студентлерди қабыллаўда алып барылған таярлық жумыслары ҳәм киргизилген өзгерислер ҳаққында Билим ҳәм маманлықларды баҳалаў агентлиги Қарақалпақстан Республикасы бөлими баслығы Музаффар Абдуллаевқа сораўлар менен мүрәжат еттик.**

**— Музаффар Абдуллаевич, ҳәр жылы жоқары оқыў орынларына студентлерди қабыллаў процесинде көплеген өзгерислер әмелге асырылып атыр. Мине, бул өзгерислердиң нәтийжеси көринип атыр ма?**

— Дурыс, ҳәр жылы өзгерислер болып атыр. Биринширен, абитуриентлердиң билимин баҳалаўда сапа жағына итибар қаратылмақта. Соның менен бирге, олардың өз имканиятларын жүзеге шығарыўына қолайлы шараят жаратыў баслы мақсетке айланды. Себеби, олардың келешеги өзлери дурыс таңлаған кәсибине, ийелеген билимине байланыслы.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Жоқары билимлендириў мәкемелерине оқыўға қабыллаў ҳәм мәмлекетлик буйыртпаны жайластырыў системасын жетилистириў ҳаққында» 2024-жылы 24-майда қабыл етилген Пәрманына муўапық, 2024-2025-оқыў жылынан баслап мәмлекетлик жоқары ҳәм профессионал билимлендириў мәкемелерине қабыллаў бойынша имтиханлар «дәслеп тест, кейин таңлаў» принципине муўапық бир ўақытта өткерилетуғын система енгизилди. Бунда абитуриентлер өз таңлаўына бола тест сынағы нәтийжесинде топлаған балынан келип шығып, дәслеп жоқары билимлендириўдиң бағдарларына, соң профессионал билимлендириў мәкемелерине оқыўға кириў ушын таңлаўда қатнасады. Бул киргизилген усыл өз нәтийжесин берди. Себеби, абитуриент өзиниң топлаған балына қарай тәлим бағдарын ҳәм жоқары оқыў орнын өзи таңлайды. Сол ушын, бул процесс быйылғы жылы да енгизилип атыр.

Быйылғы жылы да республикамыз жоқары оқыў орынларына 5-июньнен 25-июньге шекем тест сынағына қатнасыў ушын my.gov.uz □□□ my.uzbmb.uz сайтлары арқалы 33 мыңға шамалас абитуриентлер дизимнен өтти. Булардың арасынан айрықша қәбилет, талант талап етилетуғын бағдарларда оқыў тилегин билдирген абитуриентлер ушын дөретиўшилик имтиханлар белгиленди.

Енди абитуриентлер ушын екинши басқыш тест сынаўлары 14-июльден 23-июль аралығында еки сменада азанғы саат 8:00де ҳәм 15:00де болып өтеди. Соң 15 күн даўамында жоқары оқыў орны ҳәм билимлендириў бағдарларын белгилейди. Тест сынақларына қатнасқан абитуриентлердиң топлаған балы ертеңине бир күннен кейин белгили болады ҳәм усыныс етиледи. Таңлаў нәтийжеси қабыллаў процесиниң екинши басқышы жуўмақланғаннан соң бир ҳәптеден соң Билим ҳәм маманлықларды баҳалаў агентлигиниң рәсмий веб-сайтында абитуриенттиң студентликке қабылланғаны яки қабыл етилмегени жәрияланады.



Сондай-ақ, мәмлекетлик жоқары оқыў орынларының бакалавриатына қабыллаў процесиниң биринши басқышында колледж яки техникумларда оқыў тилегин билдирген жаслар өз ҳүжжетлерин онлайн дизимнен өткериўлери керек. Олар бөлек ҳүжжет тапсырыўы шәрт емес.

**— Және бир жаңалықлардың бири, шет тили дәрежесин белгилеўши миллий яки халықаралық сертификат ҳаққында да түсиник берсеңиз.**

- Дурыс. Быйылғы 2025-2026-оқыў жылы ушын қабыллаўдан баслап пәнлер топламында шет тили биринши пән сыпатында белгиленген тәлим жөнелислерине қабыллаў шет тилин билиў дәрежесин белгилеўши миллий яки халықаралық сертификат тийкарында әмелге асырылады. Сол себепли, шет тилин биринши пән сыпатында таңлаған абитуриентлер шет тилинен B2 ҳәм оннан жоқары дәрежедеги сертификатқа ийе болыўы шәрт.

Жоқары ҳәм профессионал билимлендириў мәкемелерине оқыўға кириў ушын онлайн дизимнен өтиўде абитуриенттиң өзиниң телефон номери мағлыўматларды тастыйықлаўшы қурал есапланады. Сол себепли, дизимнен өтиўде ҳәр бир абитуриент өз телефон номеринен пайдаланыўы шәрт.

**— Республикамызда тест сынақлары болып өтетуғын орынлар ҳаққында да мағлыўмат берсеңиз…**

— Республикамызда тест сынақлары болып өтетуғын биринши-екинши имаратлар. — Билим ҳәм маманлықларды баҳалаў агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы бөлими имараты. Бул имарат жақында пайдаланыўға берилгени ушын тест сынақлары биринши мәрте өткерилиўи нәзерде тутылмақта. Тест сынақларын өткериў ушын имаратта барлық қолайлылықлар жаратылған.

Үшинши имарат — Қарақалпақ мәмлекетлик университети спорт сарайы.

Төртинши имарат — Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты спорт комплекси. Спорт комплекс быйылғы жылы пайдаланыўға берилгени ушын тест сынақлары биринши мәрте өткерилиўин мағлыўмат ушын айтып өтпекшимен.

Елимизде жаслардың билим алыўы, маман кәсип ийеси болып жетилисиўи ушын қаншама қолайлы шараятлар жаратылған. Жаслардың өзлериниң имканиятларын жүзеге шығарыўы ушын таңлаўлардың өткерилиўи, жеңимпазлары ушын берилген имканиятлар, қызлар ушын тәлим кредитлериниң процентсиз берилиўи, магистратурада оқып атырған ҳаял-қызлардың төлемли шәртнамалары мәмлекет тәрепинен қаплап берилиўи — булардың барлығы жаслардың келешекте өз орынларына ийе болыўы ушын мәмлекет тәрепинен берилген үлкен имканиятлар.

Бул жолда оларға табыслар яр болсын!

**Сәўбетлескен: Б.КАРАМАТДИНОВА.**

**СҮЎРЕТТЕ: Билим ҳәм маманлықларда баҳалаў агентлиги Қарақалпақстан Республикасы бөлими баслығы М.Абдулаев.**

ТӘБИЯТТЫ САҚЛАЙЫҚ

# ЖАСЛАР ҲӘМ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ САНА-СЕЗИМНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

XXI әсирде инсанният алдында турған ең әҳмийетли машқалалардан бири — экологиялық кризис. Климат өзгериўи, биологиялық ҳәр түрлиликтиң азайыўы, ҳаўа ҳәм суўдың патасланыўы сыяқлы экологиялық қәўиплер пүткил дүнья жас әўладының келешегине тиккелей тәсир етпекте. Сол себепли жаслардың экологиялық сана-сезими, қоршаған орталыққа жуўапкершилиги, жасыл сана-сезими ҳәм турақлы раўажланыў принциплерин түсиниўи жәмийеттиң келешеги ушын айрықша әҳмийетке ийе. Экологиялық билим жаслардың экологиялық санасын илимий тийкарда талқылайды, жас әўлад арасында экологиялық мәдениияттың қәлиплесиўи ҳәм олардың жәмийетлик ҳәрекетлердеги орнын жарытады. Экологиялық сана түсиниги ҳәм оның заманагөй талқылаўы. Экологиялық сана — бул инсанның тәбиятқа мүнәсибети, қоршаған орталықтағы өзгерислерге болған сезгирлиги, экологиялық машқалаларды аңлаў дәрежеси ҳәм оларға жуўапкершиликли қатнас жасаўы менен байланыслы түсиник. Бул сана-сезим жаслығынан қәлиплеседи ҳәм билимлендириў, тәрбия, ғалаба хабар қураллары, шаңарақ орталығы арқалы раўажланады. Психолог А.Леонтьевтиң искерлик теориясына қарай, сана искерлик өними болып, инсан әтирапындағы орталық пенен турақлы байланыста болады. Усы тийкарда экологиялық сана да пассив билим емес, ал, актив турмыслық позиция сыпатында қаралады. ЮНЕСКО есабатына муўапық, экологиялық санаға ийе жаслар арасында социаллық белсендилик, кеўиллилик, экологиялық ҳәрекетлерде қатнасыў көрсеткишлери жоқары болады.

Жасыл пикирлеў — бул қоршаған орталықты сақлаў, ресурслардан ақылға уғрас пайдаланыў, турақлы раўажланыў идеяларын өз ишине алған пикирлеў усылы болып есапланады. Бул түсиник инсанның экологиялық қәдириятларға тийкарланған пикирлеўин ақлатады. Жасыл пикирлеўши инсан: тутыныў мәдениятында теңсалмақлылықты сақлайды; — шығындыны азайтыўға умтылады; — экологиялық теңсалмақлылықты бузбаўға ҳәрекет етеди; — турмыс тәризинде тәбият пенен үйлесимлиликке умтылады. Заманагөй билимлендириўде «жасыл» пикирлеўди қәлиплестириў — бул тек ғана экология пәнин оқытыў емес, ал, сын көзқарастан пикирлеў, қәдириятлар, жуўапкершилик ҳәм ҳәрекетке ийтермелейтуғын қурамалы процесс болып есапланады. Педагогикада бул жантасыў «трансформациялық билим бериў» деп аталады. Өзбекстанда да экологиялық машқалалар әҳмийетлилигинше қалмақта. Соның менен бирге, кейинги жыллары экологиялық билимлендириў, жаслардың экологиялық ҳәрекетлери жеделлеспекте.

Экологиялық темалар мектеп ҳәм жоқары билимлендириў бағдарламаларында бар. Жаслар арасында экологиялық интакерлик күшеймекте, бирақ, турақлы финанслық ҳәм институционаллық қоллап-қуўатлаў зәрүр. Экологиялық санаға унамлы тәсир етиўши тийкарғы факторлар: социаллық тармақлар, экологиялық ҳәдийселерге жеке гүўалық, ықтыярый ҳәрекетлерде қатнасыў. Жас әўладтың экологиялық жуўапкершилигин арттырыў ушын төмендеги көзқараслар усыныс етиледи: — Формал тәлим арқалы: экологиялық пәнлер, турақлы раўажланыў темалары мектеп ҳәм университет бағдарламаларына терең интеграцияланыўы керек. — Формал емес билимлендириў: экоклуб, экологиялық таңлаў, акциялар арқалы оқыўшыларға тәжирийбе арттырыў. — Мәлимлеме-коммуникация технологиялары: Социаллық тармақлар, видеосабақлар, экологиялық подкастлар арқалы жаслардың санасына тәсир етиў. — Жеке үлги: Муғаллим, ата-ана, жетекшилер жасыл турмыс тәризин өзлери көрсетиўи зәрүр.

Экологиялық саналы жаслар — бул тек билимли емес, ал, белсенди пуқаралар болып есапланады. Олар экологиялық сиясатқа тәсир өткере алатуғын күш болып қәлиплеседи. Өзбекстанда басламаларды кеңейтиў, жаслардың басламаларын хошаметлеў, нызамшылықта олардың экологиялық ҳуқықлары менен миннетлемелерин анық белгилеў әҳмийетли.

Жаслар арасында экологиялық сананы раўажландырыў — бул заманагөй жәмийеттиң экологиялық турақлылығына алып келетуғын стратегиялық ўазыйпа болып есапланады. Билимлендириў, мәлимлеме, тәжирийбе ҳәм жеке үлги арқалы бул процессти күшейтиў мүмкин. Экологиялық саналы жаслар — бул экологиялық теңсалмақлылықты тиклеўши, жасыл сана-сезим арқалы турақлы раўажланыўды тәмийинлейтуғын әўлад болып есапланады.

**Светлана САМАДОВА,**
**Шыршық мәмлекетлик педагогикалық университети факультетлер аралық шет тиллери кафедрасы оқытыўшысы.**

2025-жыл 25-июль күни саат 11:00де Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң еркин изертлеўшиси Таженова Гулзар Турдибаевнаның 13.00.02 — Тәлим-тәрбия теориясы ҳәм методикасы (инглис тили) қәнигелиги бойынша «Қарақалпақстан Республикасы A1 дәрежели оқыўшыларына инглис тилин оқытыўда фразеологиялық компетенцияны қәлиплестириў» темасындағы педагогика илимлери бойынша философия докторы (PhD) илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертациясын қорғаўы Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериўши DSc.03/30.04.2021.Fil. 20.01-санлы Илимий кеңес мәжилиси Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәлимлеме ресурс орайы бас студиясында болатуғынлығын мәлимлейди.

* * *

2025-жыл 26-июль күни саат 11:00 де Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң изертлеўшиси Байниязов Азатбай Турсынбаевичтиң 10.00.06 — Салыстырмалы әдебияттаныў, салыстырмалы тил билими ҳәм аўдарматаныў қәнигелиги бойынша «Заманагөй өзбек ҳәм түркмен тарийхый романларында уллы тулғалар образының салыстырмалы-типологиялық анализи» темасындағы филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертациясын қорғаўы Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериўши DSc.03/30.04.2021.Fil.20.01-санлы Илимий кеңес мәжилиси Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәлимлеме ресурс орайы бас студиясында болатуғынлығын мәлимлейди.

* * *

2025-жыл 26-июль күни саат 9:00 де Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң изертлеўшиси Сейтниязова Гулжахан Мырзағалиевнаның 10.00.06 — Салыстырмалы әдебияттаныў, салыстырмалы тил билими ҳәм аўдарматаныў (филология илимлери) қәнигелиги бойынша «Заманагөй қарақалпақ шайырлары шығармаларының өзбекше ҳәм инглисше көркем аўдармаларында аўдармашы шеберлиги» темасындағы филология илимлери философия докторы (PhD) илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертациясы қорғаўы Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериўши DSc.03/30.04.2021.Fil.20.01-санлы Илимий кеңес мәжилиси Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәлимлеме ресурс орайы бас студиясында болатуғынлығын мәлимлейди.

* * *

2025-жыл 25-июль күни саат 9:00де Тәрбия педагогикасы миллий институты Қарақалпақстан филиалының еркин излениўшиси Даулетиярова Нигора Кенесбаевнаның 13.00.02 — Тәлим-тәрбия теориясы ҳәм методикасы (инглис тили) қәнигелиги бойынша «Инновациялық технологиялар жәрдеминде студентлерде лингвистикалық компетентликти жетилистириў методикасы (филологиялық емес тәлим бағдарларында инглис тилин оқытыў мысалында)» темасындағы педагогика илимлери бойынша философия докторы (PhD) илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертациясын қорғаўы Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериўши DSc.03/30.04.2021.Fil.20.01-санлы Илимий кеңес мәжилиси Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәлимлеме ресурс орайы бас студиясында болатуғынлығын мәлимлейди.

# ҚАНЛЫКӨЛДЕ «JASLAR PARTY» ШОУ-КОНЦЕРТИ




**«Әҳмийетли 90 күн» илаҗлары шеңберинде елимиз бойлап оқыўшы жаслардың бос ўақытларын мазмунлы өткериў, усы мақсетте ҳәр қыйлы мәдений, спорт ҳәм кеўилашар илаҗларын шөлкемлестириў жумыслары даўам етпекте.**

Қанлыкөл районында «No'kis FM» радиосы, «Жаслар TV» телеканалы ҳәм Қанлыкөл районы ҳәкимлиги менен биргеликте гезектеги «Jaslar party» шоу-концерт бағдарламасы болып өтти.

Оның ашылыўында район ҳәкими Б.Султанов жасларды қызғын қутлықлап, мәмлекет ҳәм жәмийеттиң раўажланыўында жаслардың тутқан орны, ҳәзирги күнде оларға қаратылып атырған итибар, әмелге асырылып атырған жумысларға кеңнен тоқтап өтти.

Район жасларының мәдений ҳәм руўхый дем алыўы ушын шөлкемлестирилген усындай илаж ушын «No'kis FM» радиосы, «Жаслар TV» телеканалы жәмәәтине миннетдаршылық билдирип, район ҳәкимлигиниң ҳүрмет жарлығын тапсырды.

Шоу-концерт бағдарламасы республикамызға белгили эстрада жулдызларының атқарыўындағы йошлы концерт бағдарламасы менен даўам етти. Сондай-ақ, ҳәр қыйлы викторина, саўал-жуўап, ҳәзил көринисиндеги ойынлар өткерилип, жаслар ойнап-күлип кеўилли ҳәм мазмунлы дем алды.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

СПОРТ СПОРТ СПОРТ

# ЖАСЛАРДЫ ЖӘМЛЕСТИРИП АТЫРҒАН ЖАРЫСЛАР

**Әлбетте, спорт — саламатлық гиреўи. Сонлықтан да, жаслар арасында саламат турмыс тәризин қәлиплестириў бүгинниң баслы талапларынан болып, елимиз бойлап спортты және де раўажландырыў, профессионал спортшылардың қатарында ҳәўескер спортшылар ушын да зәрүр шараятларды жаратыў ҳәм спортшылардың қатарын еле де кеңейтиўге үлкен итибар қаратылмақта.**

Өзбекстан стол тенниси федерациясы Қарақалпақстан бөлиминде спорттың стол тенниси түри бойынша спортшылар арасында



«Салық комитети кубогы» беллесиўлериниң гезектеги Қарақалпақстан Республикасы басқышы өткерилди.

Онда усы жарыстың район (қала)лық басқышларында жеңимпаз болған 120ға шамалас спортшы жаслар U15 ҳәм U17, яғный, 2 жас категориясында өз-ара беллести.

Қызғын беллесиўлерге бай болған жарыс жуўмағында қызлар арасында Күнсулыў Қошмуратова, ер балалар арасында Мусабек Толиевлар биринши орынды ийеледи.

Өзбекстан стол тенниси федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң баслығы Х.Бекчанов ҳәм Қарақалпақстан Республикасы спорт министри Е.Қутыбаевлар жеңимпазларды қызғын қутлықлады.

— Мен спорттың стол тенниси түри менен 12 жылдан берли шуғылланып келемен. Тренерим — Бахтияр Хангелдиев. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан көлеминде өткерилип атырған ҳәм басқа да жарысларға қатнасып, сыйлы орынларды жеңип алыўға ҳәрекет етип атырман. Бул жарыста қарсыласларым күшли болды. Алдынғы жарысларда арттырған тәжирийбем бүгин қол келди. Келешекте олимпиадаларға да қатнасып, елимиз байрағын бәлент көтерип сыйлы орынларды ийелеў нийетим бар. Бул ушын турақлы шуғылланып, қызғын таярлық көрип атырман,-дейди К.Кошмуратова.

Илажда жеңимпазларға кубок, медаль, баҳалы саўғалар ҳәм ҳүрмет жарлықлары тапсырылды.

**Ә.ЖИЙЕМУРАТОВ,**
**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» — «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»



Бас редактордың ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қурбанбай БАЙНИЯЗОВ

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Министрлер Кеңеси ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти.

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай.

Газета А-2 форматында хәптесине 3 рет шығады. Газетаның көлеми 2 баспа табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

Бас редактор 222-88-54, Бас редактордың орынбасары 222-88-56, экономика ҳәм социаллық мәселелер редакциясы, жуўаплы секретарь 222-88-52, аграр-экономикалық редакция, жәмийетлик-сиясий редакция, хатлар ҳәм репортажлар редакциясы, реклама ҳәм дағазалар бөлими 222-85-22, бас есапшы 222-88-59.

Газетаның басылыўына «GOLDEN PRİNT NUKUS» ЖШЖ, газетаны тарқатыўға «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатувчи» ЖШЖ жуўапкер.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материалларға газетаның аты көрсетилиўи тийис.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Авторлардан көлеми 5 беттен зыят (ҳәр бети 30 машинка қатары) материаллар қабылланбайды.

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

ISSN 2181-5208

Нәўбетши редактор: Қ.РЕЙМОВ.

Нәўбетши: Г.САПАРОВА.

Тиражы 973 дана.
Буйыртпа №784
Индекси:
пуқаралар ушын: 2008.
кәрханалар ушын: 2009.

Басыўға руқсат етилген ўақты 17.30.